

Citizens pran angajman pou li ede ou sòti anba yon pèt pwopriyete. Men kèk dispozisyon senp ou ka pran pou ede pwosesis reklamasyon an yon fason ki san pwoblèm:

- Si li gen sekirite, pran mezi ijans ki rezonab pou pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj. Si pri pou mezi ijans yo ap depase \$3,000, kontakte ajistè ou la.
- Anvan ou fè nenpòt reparasyon ijans, pran foto/videwo pwopriyete ki andomaje a.
- Chak fwa sa posib, konsève nenpòt atik ki andomaje pou ajistè w' la enspekte yo.
- Konsève fakti ak resi pou nenpòt reparasyon oswa depans ki asosye ak reklamasyon w' lan.

Depans Sibstans Anplis (Additional Living Expenses, ALE)

Gen kèk kontra asirans ki bay kouvèti ALE, ki ede peye pou ogmantasyon depans ki fèt si ou pa ka viv nan kay ou an akòz yon pèt ki kouvri. Sa yo ka gen ladan depans pou manje, yon kote pou viv oswa lòt depans ki asosye ak antretyen fwaye ou.

Konsève resi yo: Resi egzat yo obligatwa. Fè kopi resi sa yo pou ou konsève nan dosye ou, epi bay ajistè ou an orijinal yo.

Enspeksyon Pwopriyete

Ajistè Citizens ou an ka enspekte pwopriyete ou an avèk ou pou idantifye domaj ki kouvri yo epi detèmine reparasyon rezonab yo. Pandan enspeksyon an, ajistè a ka poze kesyon sou kijan ak kilè domaj la te rive. Lè enspeksyon an fini, ajistè a pral dokimante eta pwopriyete a epi li pral soumèt yon rapò avèk foto pou kreye estimasyon reparasyon yo.

Pa bliye: Si ou jwenn plis domaj pandan pwosesis reparasyon an, kontakte ajistè w' la pou bay enfòmasyon anplis.

Estimasyon Reparasyon

Estimasyon reparasyon an pral dekri domaj ki kouvri ke yo idantifye pandan enspeksyon an. Li bay deskripsyon liy pa liy sou dimansyon travay yo ak depans asosye pou fè reparasyon yo oswa pou ranplase pwopriyete ou la.

Èske Ou Te Konnen? Estimasyon depans yo baze sou anplasman pwopriyete w' la epi sou òf ak demann lokal pou travay ak materyo yo.

Pèman Reklamasyon Inisyal yo

Aprè ajistè w' la soumèt rapò ak estimasyon reparasyon yo, Citizens ka bay yon premye pèman ki baze sou Valè Acha Aktyèl (Actual Cash Value, ACV) la pou domaj ki kouvri yo. ACV an se valè depresye atik ki andomaje yo, lè yo teni kont de laj, izi nòmal, ak initalite atik yo. Pèman premye reklamasyon yo baze sou pri estimasyon reparasyon ki kouvri ke yo konnen nan moman enspeksyon an.

Èske ou gen yon Ipotèk? Mande konpayi ipotèk ou a enfòmasyon sou pwosedi li yo pou andose chèk reklamasyon ou la. Asire ke ou verifye si konpayi ipotèk ou an mansyone kòrèkteman nan kontra asirans ou a pandan revizyon anyèl kontra asirans ou a.

Pèman Siplemanchè

Si pri total reparasyon yo depase premye pèman reklamasyon ou la oswa si kontraktè ou a dekouvri domaj anplis, ou ka kalifye pou pèman siplemanchè. Pèman sa yo fèt selon kontra asirans ou a epi apre yo fin resevwa prèv reparasyon yo.

Konsèy Ekspè: Si estimasyon kontraktè ou an plis pase estimasyon Citizens la oswa si yo jwenn lòt domaj, kontakte ajistè Citizens ou la anvan ou siyen nenpòt kontra oswa fè nenpòt travay. Citizens pral travay avèk ou epi kontraktè ou la pou detèmine si yon pèman siplemanchè jistifye.



Need to report a claim?
Contact Citizens First

Report it online via myPolicy at
www.citizensfla.com/mypolicy
24 hours a day, seven days a week
866.411.2742

Scan QR code to
report online



This brochure is for informational purposes. In the event of any inconsistency between this brochure and your insurance policy, the terms of the insurance policy control.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.

Vèsyon kreyòl ayisyen an disponib sou Entènèt
www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation
866.411.2742
www.citizensfla.com

10/23

Ak Kisa pou W' Atann Ou Aprè ou Rapòte Reklamasyon ou lan



1 Rapò Reklamasyon

A Kisa Pou Atann

Lè ou rapòte reklamasyon w' lan, w'ap resevwa yon nimewo reklamasyon ak yon imèl swivi, epi dapre enfòmasyon sou pèt ou bay yo, y'ap bay reklamasyon w' lan yon kòd gravite epi voye l' bay yon ekip reklamasyon. Pwopriyete ki pa abitab ak reklamasyon ki gen gwo kantite domaj yo pral resevwa yon pi gwo priorite.

Ajistè ki deziye pou ou a pral kontakte ou pou diskite sou reklamasyon w' lan epi detèmine si yon enspeksyon pwopriyete w' la nesèsè. Ajistè w' la kap fè reklamasyon ki enplike domaj minè san yon enspeksyon an pèsòn. Si yon enspeksyon sou plas nesèsè, ajistè w' la pral pran yon randevou avèk ou.

Si ou gen gwo domaj oswa si ou rapòte yon reklamasyon apre yon gwo evènman, tankou yon siklòn, sa ka pran plis tan pou ajistè w' la kontakte ou epi pou yo enspekte pwopriyete w' la. Pwosesis sèvis reklamasyon nou an fèt pou akselere evalyasyon ak rezolisyon reklamasyon w' lan, kèlkeswa degre domaj la.

Sa Pou Fè

- Si li an sekirite, pran mezi ijans ki rezonab epi ki nesèsè pou asire sekirite kay ou epi anpeche plis domaj.
- Pran foto oswa videyo anvan ou fè reparasyon dijans oswa anvan w' retire atik ki andomaje yo.
- Si pri pou adopte mezi ijans rezonab yo ap depase \$3,000, kontakte ajistè ou an pou ou diskite.
- Fè envantè atik ki andomaje yo epi kenbe li yon kote ki an sekirite pou ajistè ou la ka enspekte yo.
- Konsève kopi resi ou ak fakti ou pou depans sibstans ak reparasyon ijans yo.

2 Enspeksyon Pèt yo



A Kisa Pou Atann

Pandan enspeksyon sou plas la, ajistè w' la pral enspekte ni anndan ni deyò pwopriyete w' la avèk ou. Sa gen ladan pran nenpòt foto, faktii ak estimasyon reparasyon ou genyen. Selon tip oswa dimansyon domaj la, ajistè a ka pran foto siplemanntè epi poze kesyon sou kijan ak kilè domaj la te rive pou dosye reklamasyon an. Yo pral itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kouvèti asirans lan, evalye domaj yo epi prepare yon estimasyon reparasyon.

Enspeksyon ajistè a apre yon gwo evènman, tankou yon siklòn, ka pran plis tan. Pou ede w' prepare pou enspeksyon pwopriyete w' la, pran nòt atik ki andomaje yo nan envantè kay ou epi konsève dokiman reparasyon an pou pataje avèk ajistè w' la.

Sa Pou Fè

- Kreye yon lis kesyon pou poze ajistè w' la pandan enspeksyon an.
- Pandan enspeksyon an, bay ajistè w' la kopi nenpòt fakti pou depans siplemanntè sibstans oswa fakti pou reparasyon ijans, foto atik ki andomaje ak estimasyon pri pou reparasyon pèmanan, si sa disponib.
- Si ou te retire epi estoke atik ki andomaje, mete yo disponib pou montre ajistè w' la si li mande yo.

3 Egzamen Reklamasyon an ak Estimasyon Reparasyon yo



A Kisa Pou Atann

Apre enspeksyon an, ajistè w' la pral egzamine enfòmasyon li rasanble yo epi detèmine kouvèti ki disponib nan kontra w' la. Yo pral kontakte w pou pale sou reklamasyon w lan, egzamine estimasyon reparasyon yo epi prepare yon rapò pou Citizens.

Estimasyon reparasyon ou an pral dekri domaj ki kouvri ke yo idantifye pandan enspeksyon an ak deskripsyon byen presi liy pa liy sou dimansyon travay yo ak depans asosye pou fè reparasyon yo oswa pou ranplase pwopriyete ou la. Y'ap voye yon lèt rezime egzamen reklamasyon an ak dokiman sipò yo ba ou.

Estimasyon yo baze sou anplasman zipkòd pwopriyete ki asire a epi sou òf ak demann lokal pou travay ak materyo yo.

Sa Pou Fè

Fè Citizens konnen sa imedyatman si yo jwenn domaj siplemanntè pandan pwosesis reparasyon an. Fè kontraktè w' lan dokimante epi fè foto domaj siplemanntè yo avèk yon estimasyon siplemanntè pou soumèt bay ajistè w' lan pou li egzamine epi konsidere yo. Voye dokiman reklamasyon w' yo sou www.citizensfla.com atravè *Submit Claim Documents* (soumèt dokiman reklamasyon yo) ki twouve li nan seksyon *Contact Us* (kontakte nou) oswa rele Citizens nan 866.411.2742 pou bay enfòmasyon siplemanntè ak/ oswa detay sou domaj siplemanntè yo.

4 Pèman Reklamasyon Inisyalo

A Kisa Pou Atann

Baze sou tout enfòmasyon yo rasanble nan men ajistè ou a, si domaj ki rapòte a kouvri nan kontra asirans ou, Citizens ap fè yon premye pèman reklamasyon an. Pèman premye reklamasyon w' lan se valè acha reyèl (Actual Cash Value, ACV) pou reklamasyon w' la mwens dediktib kontra asirans ou a. Si ou gen kouvèti Pri pou Ranplasman, yo pral bay pèman depresyasyon ki ka rekipere a apre Citizens resevwa prèv reparasyon yo te fèt. Citizens peye sèlman frè rezonab epi ou ka responsab pou nenpòt frè siplemanntè.

Citizens pral poste chèk reklamasyon w' lan nan adrès postal ou gen nan moman an. Si ou gen yon konpayi ipotèk ki endike sou kontra asirans ou a, lwa Florid mande pou Citizens mete konpayi an sou chèk pèman reklamasyon w' la.

Ou gen dwa kalifye pou pèman siplemanntè si frè reparasyon total yo depase pèman reklamasyon inisyalo la oswa si ou menm oswa kontraktè w' la dekouvri domaj siplemanntè pandan pwosesis reparasyon an.

Sa Pou Fè

- Asire ou ke Citizens gen adrès postal tanporè kòrèk ou si ou te oblije deplase pandan pwosesis reparasyon an.
- Bank yo mande pou tout benefisyè (sa gen ladan nenpòt konpayi ipotèk) ki mansyone nan yon chèk siyen chèk la. Mande konpayi ipotèk ou a enfòmasyon sou pwosedi li yo pou andose chèk reklamasyon ou la.
- Rete an kontak avèk ajistè w' la pandan pwosesis reparasyon an. L'ap kapab reponn kesyon epi ede pou pèman siplemanntè yo.
- Fè swivi avèk ajan w' lan epi bay prèv reparasyon yo yon fwa yo fini.

Si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid, kontakte ajistè w' la nan nimewo yo bay la oswa rele Citizens nan 866.411.2742.